

Tout fanmi ki nan Asistans an Ijans nan Pwogram Abri Familyal la (EA) dwe gen yon verifikasyon Enfòmasyon sou dosye Delenkans Kriminèl (CORI).

Kisa ki yon verifikasyon CORI?

Yon verifikasyon CORI se yon verifikasyon antesedan (Sètifika bòn vi ak mès). Li vize pou wè si w gen dosye aktivite kriminèl nan Massachusetts.

Poukisa fanmi yo dwe gen yon verifikasyon CORI?

Nou bezwen Abri Familyal la EA sekirize pou tout fanmi yo. Yon verifikasyon CORI kenbe fanmi yo nan abri a an sekirite.

Kiyès ki dwe gen yon verifikasyon CORI?

Tout manb fanmi an ki gen 18 an oswa pi gran dwe gen yon verifikasyon CORI. Sa valab pou fanmi ki ap:

- aplike pou Abri Familyal la EA
- sou lis datant pou Abri Familyal la EA
- ki gentan nan Abri Familyal la EA

Kisa m bezwen pou m jwenn yon verifikasyon CORI?

Pou siyen Fòmilè Rekonesans CORI a, ou dwe bay:

- Non w, dat nesans ou, epi 6 dènye chif nan Nimewo Sekirite Sosyal ou (si li disponib)
- Verifye idantite pa doktè ou, yon anplwaye EOHLC, oswa yon notè piblik pandan wap montre yo yon kat idantite ki genyen foto w (plis enfòmasyon nan do a)
- Siyen ak mete dat sou fòmilè a

Kisa ki pase si mwen refize oswa paka jwenn yon verifikasyon CORI?

EOHLC ap swiv pwotokòl komsa ou te gen yon krim grav nan dosye w la. (Gade nan do a pou plis enfòmasyon). Epi, anba “Règleman Inifòm Abri a”, si w pa siyen yon Fòmilè Rekonesans CORI li ap jistifye ekspilsyon w nan abri a.

Aprann plis sou Verifikasyon CORI yo nan www.mass.gov/ApplyforEA oswa itilize Kòd QR sa:



Kisa m ka itilize kòm idantifikasyon pou verifikasyon CORI a?

Idantite a verifye ak yon fòmilè idantifikasyon ke gouvènman an bay. Sa kapab, pa egzanp:

- Yon paspò
- Yon pèmi kondwi Etazini
- Yon kat idantite Etazini ak yon foto
- Yon kat rezidans pèmanan Etazini
- Yon kat idantite militè Etazini
- Dokiman Triba Ameriken Natif yo

Si w pa gen okenn nan fòmilè idantifikasyon ki nan lis anwo a, EOHLC ap revize chak ka youn pa youn e l kapab aksepte:

- Akdenesans ou
- Kat sekirite sosyal ou
- Kat idantifikasyon etranje w
- Pèmi kondwi etranje w ak yon foto

Si w sèlman genyen yon fòmilè idantifikasyon ki ekspire epi w pa gen akdenesans oswa kat sekirite sosyal, EOHLC ap revize chak ka youn pa youn pou detèmine si li ka aksepte l.

Kisa ki konte kòm yon krim Grav?

Yon Krim Serye kapab yonn nan kondanasyon sa yo oswa yon chaj ki an annatant:

- Touye moun;
- Krim abi sou timoun oswa neglijans;
- Deli ki enplike vyolans sou timoun yo;
- Krim ki enplike abi sou madanm oswa kont timoun yo;
- Krim ki enplike vyòl oswa atak seksyèl;
- Kidnaping;
- Dife kriminèl;
- Atak oswa bay kou kriminèl;
- Krim ki lye ak dwòg (nan twa dènye ane yo);
- Krim ki lye ak abi seksyèl ak trafik moun; epi
- Nenpòt deli ki enplike zam, minisyon, oswa zam ki danje.

Kisa ki ap pase si m gen yon krim serye nan dosye m?

Si w refize siyen yon Fòmilè Rekonesans CORI oswa CORI ou a gen ladan l yon Krim Grav, sa yo kapab rive:

- Fanmi w ka detounen de Abri Familyal la EA
- Opsyon plasman fanmi w nan abri familyal la EA ka limite
- Yo ka separe fanmi w pou yo kapab kenbe kantite ki plis nan manb fanmi yo nan abri a

EOHLC ap bay sa yo:

- Notifikasyon CORI
- Yon kopi EOHLC de Règleman Enfòmasyon sou Dosye Delenkan Kriminèl [CORI] pou Asistans an ljan nan Pwogram Abri Familyal la;
- Yon kopi CORI a; epi
- Enfòmasyon Konsènan Pwosesis pou Korije yon Dosye Kriminèl nan DCJIS la.

